



NEW YORK CITY DEPARTMENT OF
HEALTH AND MENTAL HYGIENE
Oxiris Barbot, M.D.
Commissioner

LÒD MANM KOMISYON AN

POU: Tout moun ki rezide, travay oswa ale lekòl nan katye Williamsburg, Brooklyn, New York ak pou paran ak/oswa responsab legal nenpòt timoun ki rezide, travay oswa ale lekòl nan katye Williamsburg, Brooklyn, New York

ETAN DONE KE, gen yon epidemi aktif lawoujòl nan mitan moun k ap viv nan katye Williamsburg nan Brooklyn, New York k ap viv nan kòd postal 11205, 11206, 11211 ak 11249. Depi septanm 2018, yo te dokimante plis pase 250 ka lawoujòl nan mitan moun k ap viv nan Williamsburg epi chif sa a kontinye gwosi piske nouvo ka yo toujou kontinye; epi

ETAN DONE KE, lawoujòl se yon maladi viral ki kontajye anpil ki ka lakòz konplikasyon sante grav, tankou nemoni ak anfleman sèvo. Ozanviwon yon tyè nan ka lawoujòl yo rapòte yo gen omwen yon konplikasyon epi nan kèk ka, lawoujòl ka lakòz lanmò. Lawoujòl ka grav nan tout gwoup laj yo. Sepandan, tibebe, timoun piti, moun ki ansent, moun ki gen sistèm iminitè yo ki fèb ak granmoun yo gen plis chans soufri konplikasyon lawoujòl; epi

ETAN DONE KE, lawoujòl fasilman transmèt de yon moun ki malad a yon lòt moun ki manke iminite kont maladi a. Viris la ka viv pou jiska de (2) èdtan nan lè a oswa sou sifas yo kote yon moun ki enfekte touse oswa etènye epi moun ki manke iminite gen anpil chans vin malad si yo an kontak ak yon moun ki enfekte oswa tou pre kote yon moun ki enfekte te pase resaman; epi

ETAN DONE KE, byenke lawoujòl kontajye anpil, vaksen kont Lawoujòl-Malmouton-Ribeyòl (Measles-Mumps-Rubella, MMR) la se yon vaksen ki efikas epi san danje ki pral anpeche transmisyon li. Tandiske lawoujòl rete youn nan kòz prensipal lanmò nan mitan timoun piti yo nan pati nan monn lan kote vaksen an pa disponib, maladi a jiska epidemi sa a te globalman elimine nan Etazini; epi

ETAN DONE KE, epidemi lawoujòl la ap pèsite nan Williamsburg malgre lòt efò Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la fè pou mete fren nan li, gen ladan tou lòd yo pou ekate timoun ki pa vaksine yo pou yo pa ale nan preskolè yo ak pwogram gadri yo, akòz yon gran kantite moun k ap viv andedan Williamsburg pat vaksine kont lawoujòl; epi

ETAN DONE KE, konfòmman ak seksyon 556 Chat Vil New York la, Depatman Sante a responsab pou kontwòle maladi transmisib yo andedan Vil New York epi pou sipèvizè rediksyon nwizans yo ki afekte oswa gen chans pou afekte sante piblik; epi

ETAN DONE KE, konfòmman ak seksyon 3.01 Kòd Sante Vil New York la, mwen otorize pou deklare yon ijans sante piblik ak bay lòd epi pran mezi yo ke mwen estime nesèsè pou sante ak sekirite Vil la ak abitan li yo lè mezi pou sante piblik ijan nesèsè pou pwoteje sante piblik kont yon menas ki egziste; epi

ETAN DONE KE, mwen twouve epidemi lawoujòl aktyèl nan Williamsburg la se yon menas ki egziste pou sante piblik nan Vil New York; epi

ETAN DONE KE, mwen twouve tou ke prezans nenpòt moun nan Williamsburg ki pa gen vaksen MMR la, amwenske vaksen sa a otreman kont-endike medikalman oswa moun sa a te demontre iminite kont lawoujòl, kreye yon ris ki pa nesèsè epi ki evitab pou kontinye epidemi an epi pa konsekan li se yon nwizans, jan li defini nan Kòd Administratif Vil New York la §17-142; epi

ETAN DONE KE, konfòmman ak Kòd Sante Vil New York §3.07, pèsòn “pap fè oswa asiste kèlkeswa zak la ki oswa kapab prejidyab pou sante piblik la oswa pou lavi oswa sante nenpòt moun... oswa ... pap neglije fè nenpòt zak ki rezonab oswa pran nenpòt prekasyon ki nesèsè pou pwoteje lavi ak sante moun”.

MWEN ÒDONE AK DOKIMAN SA A ke nenpòt moun k ap viv, k ap travay oswa ki rezide andedan kòd postal 11205, 11206, 11211 ak/oswa 11249 epi ki pa t resevwa vaksen MMR la nan karantuit (48) èdtan apati Lòd sa a mwen siyen an dwe vaksine kont lawoujòl amwenske moun sa a kapab demontre iminite pou maladi a oswa dokiman pou satisfaksyon Depatman an ke li ta dwe medikalman fè eksepsyon ak egzijans sa a.

MWEN ÒDONE ANPLIS ke paran oswa responsab legal nenpòt timoun ki gen laj plis pase sis mwa k ap viv, k ap travay oswa ki rezide andedan kòd postal 11205, 11206, 11211 ak/oswa 11249 ki pa t resevwa vaksen MMR la nan karantuit (48) èdtan apati Lòd sa a mwen siyen an dwe vaksine kont lawoujòl amwenske moun sa a kapab demontre iminite pou maladi a oswa dokiman pou satisfaksyon Depatman an ke li ta dwe fè eksepsyon ak egzijans sa a.

LÒD SA A pral rete an aplikasyon jiskaske pwochèn rankont Komite Sante Vil New York la ki prevwa pou 17 avril 2019 nan moman sa a Komite a kapab kontinye li oswa revoke li.



Nan dat: 9 Avril 2019

Oxiris Barbot, M.D.
Manm Komisyon Sante

AVÈTISMAN

Non respè pou Lòd sa a se yon vyolasyon §3.05 Kòd Sante Vil New York la, epi se yon enfraksyon ou kapab sijè ak amann sivil ak/oswa kriminel, konfiskasyon ak penalite, gen ladan anprizònman.

Nenpòt moun ki swete fè objeksyon ak lòd la, tanpri ekri oswa fakse Thomas G. Merrill, Avoka Jeneral, New York City Department of Health and Mental Hygiene, 42-09 28th Street (WS 14-38) Long Island City NY 11101-4132; tmerrill@health.nyc.gov telefòn: 347-396-6116; faks: 347-396-6087, bay yon deklarasyon sou rezon yo pou objeksyon ou lan ak lòd la.